WIKIPÉDIA

Basa Ruslan

Basa Ruslan (***русский язык*** /'ruski ja'zik/) iku basa Slavik kang paling akèh dicaturaké.

Basa Ruslan éwoning basa-basa Slavik kulawarga basa Indo-Éropah, lan duwé kerabat antarané karo basa Sangskreta, Yunani, lan Latin.

Sajeroning rumpun basa Slavik, basa Ruslan paling cedhak karo karo basa-basa Slavik Wétan, ya iku basa Belarus lan basa Ukraina. Kayadéné kaloro basa pungkasan iku, basa Ruslan migunakaké abjad Kiril kang dumadi saka 33 aksara kang diciptakaké déning loro tokoh Slavik ya iku Kirill (Cyril) lan Methodius (abad IX-X) dhedhasar abjad Yunani. Salah siji basa resmi PBB. Dipigunakaké minangka basa perantara (*lingua franca*) ing republik-republik tilas Uni Soviet. Cacahé penutur basa Ruslan iku punjul 250 yuta (1990). Basa Ruslan uga sugih karya sastra.

Basa Ruslan(*русский язык*)	
Dipituturaké ing:	Ruslan (Rusia), dan nagara-nagara pecahan Uni Soviet
Laladan:	Éropah Wétan lan Asia Lor
Gunggung penutur:	300 yuta
Rangking:	4 - 7
Klasifikasi genetik:	Basa Indo-Éropah Basa Slavik Basa Slavik Timur **Basa Ruslan**
Status Resmi	
Basa Resmi:	Ruslan, Belarus, Ukraina, Kazakhstan lan PBB
Diatur déning:	Akademi Sains Ruslan lan Institut Basa Ruslan
Kode Basa	
ISO 639-1:	ru
ISO 639-2(B):	rus
SIL:	RUS

Isi

Basa resmi

Sistem panulisan

Abjad

Référènsi

Uga delengen

Pranala njaba

Basa resmi

Basa Ruslan minangka basa resmi kanggo Ruslan. Basa Ruslan uga minangka basa resmi ing Kazakhstan, Kirgistan lan Belarusia, lan minangka basa resmi de-facto ing Abkhazia lan Ossetia Kidul. 97% sekolah ing Ruslan ,75% ing Belarusia ,41% ing Kazakhstan, 25% ing Ukraina, 23% ing Kirgistan, 21% ing Moldaviaa, 7% ing Azerbaijan, 5% ing Georgia lan 2% ing Armenia lan Tajikistan nganggo basa Ruslan minangka basa ing sekolah.

Sistem panulisan

Abjad

Abjad Ruslan asalé saka abjad Sirilik kang dimodifikasi. Abjad Ruslan cacahé ana 33 aksara. Tabel ing ngisor wujud abjad lan cara pangucapané.

А	Б	В	Г	Д	Е	Ё	Ж	З	И	Й
/a/	/b/	/v/	/g/	/d/	/je/	/jo/	/ʐ/	/z/	/i/	/j/
К	Л	М	Н	О	П	Р	С	Т	У	Ф
/k/	/l/	/m/	/n/	/o/	/p/	/r/	/s/	/t/	/u/	/f/
Х	Ц	Ч	Ш	Щ	Ъ	Ы	Ь	Э	Ю	Я
/h/	/ʦ/	/tɕ/	/ʂ/	/ɕː/	/-/	[ɨ]	/◌ʲ/	/e/	/ju/	/ja/

Référènsi

Uga delengen

- Pratélan basa miturut kulawarga basa

Pranala njaba

Èdhisi Russian saka Wikipédia, bauwarna bébas

Pirsani informasi ngenani ***Basa Ruslan*** ing KamusWiki.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Ruslan&oldid=1486564"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 07.55, 12 Juli 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.